

PWOGRAM REZO FLORIDA

PWOGRAM ABRI
REZIDANSYÈL & KONSÈY
Anchorage Children's Home
Panama City - 850.784.1020

Arnette House
Ocala - 352.622.6135

Boys Town of Central Florida
Oviedo - 407.588.2170

CCYS
Tallahassee - 850.576.6000

CDS Family & Behavioral Health Services
Gainesville - 352.244.0618
Lake City - 386.487.0190
Palatka - 386.385.0405

Children's Home Society
Ft. Pierce - 772.460.9752
W. Palm Beach - 561.598.4152

Crosswinds Youth Services
Cocoa - 321.452.0800

Resous pou Fanmi
Bradenton - 941.708.5850
Clearwater - 727.449.8336
St. Petersburg - 727.384.8336

Florida Keys Children's Shelter
Tavernier - 305.852.4246

Hillsborough County Children's Services
Tampa - 813.264.3807

Lutheran Services Florida
Crestview - 850.682.2374
Ft. Myers - 239.278.1030
Oakland Park - 954.568.2801
Pensacola - 850.453.2772
Homestead - 305.246.8956
Miami - 305.635.8953

Orange County Youth & Family Services
Orlando - 407.836.7626

Safe Children Coalition
Sarasota - 941.955.5596

SMA Healthcare, Inc.
Daytona - 386.236.3111

Youth & Family Alternatives
Bartow - 863.595.0220
Brooksville - 352.540.6015
New Port Richey - 727.835.1777

Youth Crisis Center
Jacksonville - 904.725.6662

PWOGRAM KONSÈY
ESPEYALIZE
Bethel Community Foundation
St. Petersburg - 727.866.2747

Sant Anrichisman pou Fanmi & Timoun
Miami - 305.624.7450 ext. 1707

Children's Home Society
Osceola - 407-896-2323

Prevention Central
Ft. Lauderdale - 954.900.1303

Nehemiah Educational & Economic Development
Winter Park - 407.622.6200

Tampa Housing Authority
Tampa - 813.341.9101 ext. 2140


Thaise Educational & Exposure Tours
Jacksonville - 904.513.3972
Orlando - 407.674.7911
St. Petersburg - 727.821.7951

Urban League of Palm Beach County
W. Palm Beach - 561.833.1461

Youth Advocate Program
Tampa - 813.712.9695



Se Florida Network of Youth and Family Services, Inc. ak Depatman Jistis Jivenil, nan Leta Florida, ki parennen li.



YON GID POU
PARAN KI NAN
BEZWEN
SOLISYON POU JÈN KI A RISK



2850 Pablo Ave • Tallahassee, FL 32308
t. 850.922.4324 f. 850.921.1778

FloridaNetwork.org



MWEN SANTI KE PITIT MWEN ENKONTWOLAB



Tout fanmi fè eksperyans kote yo viv sitiyasyon kritik detanzantan. Kèk nan sitiyasyon difisil paran ka ap viv kapab se sitiyasyon kote timoun yo pa ale oswa rate lekòl, yo sove kite lakay yo, yo refize suiv direktiv oswa yo fè move

chwa nan lavi yo. Paran oswa moun k ap okipe timoun yo kapab rezoud pifò nan pwoblèm sila yo byen vit, sepandan gendelè fanmi yo genyen pwoblèm ki twòp pou yo e yo ka bezwen sèvis CINS/FINS.

KISA CINS/FINS YE?



Lejislati Florida pase yon lwa (Chapit 984, F.S.) ki prevwa pou ede Timoun ki Bezwen Sèvis (Children In Need of Services, CINS) ak Fanmi ki Bezwen Sèvis (Families in Need of Services, FINS).

Pwogram sila yo disponib pou timoun laj 6 zan rive 17 an ak fanmi yo. Depatman Lajistis Jivenil nan Florida (Florida Department of Juvenile Justice, DJJ) finanse epi ankouraje pwogram konsèy sa yo pou ede timoun evite pwoblèm grav. Jèn moun ki sove kite lakay yo, ki rate lekòl souvan, ki dezobeyisan (ki pa obeyi paran oswa responsab legal yo) oswa ki sanzabri - ak fanmi yo - kapab resevwa sèvis gratis pou amelyore konpòtman yo, rezoud konfli defason efikas epi kòmanse kominike ankò. Genyen pwogram CINS/FINS nan zòn kote w rete a epi ajans lokal ou a pral diskite avèk ou sou opsyon ki pi bon pou ou yo.

KISA MWEN KA FÈ KOUNYE A?



Ane adolesans yo prezante kèk nan eprèw ki pi difisil pou fanmi yo. Gendelè adolesan yo di ke pèsonn pa konprann yo, sitou paran yo. Kidonk, adolesan an kapab santi l fache, li poukont li epi li twouble etan l ap jere

pwoblèm idantite, pwoblèm ak kanmarad li yo epi pwoblèn sou seksyalite li. Paran yo ka santi yo fristre epi fache ke adolesan an pa soumèt li a otorite paran yo ankò. Metòd disiplin ki te konn mache byen nan ane anvan yo ka pa mache ankò. Paran yo ka santi yo gen lakrent epi yo ka dezespere akochwa ke adolesan yo a ap fè epitou sou kijan pou yo pi byen ede yo.

KISA MWEN KA FÈ?

RESPEKTE adolesan w nan epi fè l konnen ou atann aske l kenbe konpòtman responsab.

SOUSYE W de bagay ki enpòtan pou adolesan w nan. Kontinye obsève epi **FÈ ELÒJ** bon bagay adolesan w nan fè, menmsi yo minim.

Etabli règ pou l respekte ki **REYALIS** epi ranfòse yo ak konsekanbs ki rezonab. Asire w ke pinisyon ou bay la apwopriye pou aksyon an.

Ou ka reyalize ke lè ou **TRAVAY** ansanm ak adolesan w nan pou etabli règ pou respekte ak konsekans ki mache ak règ sa yo, sa ede li pou l suiv epi pou l konprann yo.

PATISIPE nan gwoup sipò lokal pou paran. Paran yo ka bezwen èd pou yo jere konpòtman adolesan yo lakay yo epi nan lekòl. Li enpòtan nan sitiyaasyon sa yo pou w **PALE** avèk yon pwofesyonèl.

MANDE ÈD. Kontakte ajans lokal CINS/FINS ou a pou sèvis gratis pou konsèy, sipò akabri. Pran yon randevou pou tèt ou menmsi adolesan w nan refize ale avèk ou.

KOMINIKE! Kominikasyon ki fèt pi souvan ka ede diminye mezantant anvan yo degrengole pou yo tounen konfli.

RESOUS POU ÈD NAN LIMEDYA



Pou w jwenn pi bon resous nan kominote w la pou pitit ou ak fanmi w, tanpri kontakte founisè lokal ou a ki liste nan do depliyann sila a. Pou plis resous ki ka ede w, ale nan **floridanetwork.org/Responsive/resources.php**

Responsive/resources.php

REZO A LA POU FANMI NAN FLORIDA YO

Gendelè se tout yon vilaj toutbon ki pou mete ansanm pou ede lajenès nou an pou l devlope an moun ki gen konpasyon epi ki motive. Rezo pwogram nou yo ofri yon varyete opsyon pou reponn a bezwen lajenès la ak fanmi yo k ap chèche èd pou pwoblèm lakay yo, nan lekòl oswa nenpòt kote. Chak founisè CINS/FINS nan Rezo Florida a genyen pwogram patikilye pou reponn a bezwen kominote lokal yo, sepandan yo tout founi eleman fondamantal ki nan estati CINS/FINS: sèvisabri annijans 24 sou 24/7 jou sou 7/365 jou nan ane a, konsèy endividyèl, famiyal ak an gwoup.

PWOGRAM LOKAL OU: KISA W AP JWENN



SELEKSYON AK EVALYASYON

Tout sèvis nou yo kòmanse ak pwosesis seleksyon an, ki vle di yo kolekte enfòmasyon sou oumenm ak sou pitit ou ki pral detèmine si ou elijib pou w resevwa sèvis CINS/FINS. Y ap poze w

kesyon sou sitiyaasyon aktyèl ou ak kèk istorik fanmi w ki pral ede nou konprann kijan pou nou ede w pi byen. Si pitit ou genyen yon dosye ki aktif avèk DJJ, oswa avèk Depatman pou Timoun ak Fanmi (DCF), ou ka pa kapab kalifye pou sèvis yo. Si se sitiyaasyon sa a ki prezante, n ap refere w bay founisè sèvis ki pi bon pou ou a ke nou ka jwenn nan zòn kote w rete a. Lè evalyasyon an fin konplè l ap gen ladan ni rekòmandasyon pwofesyonèl nou jije ki pi bon pou ede oumenm ak pitit ou jwenn sèvis apwopriye yo.



PLAN AMELYORASYON AK SÈVIS

Yo ka refere yon adolesan pou konsèy andeyò etablisman oswa konsèy pandan yon ti tan kout nan etablisman nan youn nan pwogram nou yo tou depannde

bezwen fanmi w yo. Konsèy w la ap travay avèk ou, avèk pitit ou epi avèk lòt moun pou devlope yon plan ki apwopriye pou bezwen ak objektif oumenm ak pitit ou.



SÈVIS KONSÈY AK JESYON KA

Nou angaje nou pou nou kenbe lajenès ak fanmi yo ansanm. Konsèy nou yo la pou ede ranfòse relasyon fanmi w annantye. Nou founi jesyon ka pou ede kowòdone ak kontwole sèvis ke nou ofri w ak pitit ou. Nou rekonèt patisipasyon paran/ moun k ap okipe timoun yo, antanke yon pati enpòtan pou rive gen siksè epi li asosye ak amelyorasyon nan konpòtman timoun nan. Rechèch yo fè pandan plis pase dè dizèn lane pwouve ke timoun ki te resevwa sèvis entèvansyon paran/moun ki okipe timoun-timoun, te amelyore piplis pase sa ki te resevwa tretman endividyèl.

Gwoup ajans Rezo Florida yo ofri konsèy andeyò etablisman pou lajenès ak fanmi yo ki an konfli e ki enstab. Entèvansyon rapid sa a ede fasilite kominikasyon ant lajenès la ak paran l yo. Konsèy yo ka fè aranjman pou yo rankontre jèn yo ak fanmi l yo pou sesyon konsèy adomisil, nan lekòl, nan yon sant kominotè oswa nan biwo yo (opsyon yo ka chanje selon ajans la).

Tout founisè lokal CINS/FINS nou yo genyen sèvis konsèy endividyèl ak/oswa famiyal gratis pou jèn ki gen laj 6 zan rive 17 an. Kontakte founisè lokal ou a ki liste nan do bwochi sa a pou w jwenn detay sou ki sèvis ki disponib aktyèlman pou oumenm ak fanmi w.



PWOGRAM ABRI REZIDANSYÈL

Si oumenm ak pitit ou bezwen yon tan apa de youn lòt, konsèy CINS/FINS ou a ka sigjere pou pitit ou ale nan yonabri lokal pandan yon "ti-tan."

Y ap bay pitit ouabri san danje, manje, rad, konsèy (si li nesèsè) ak fasilite pou ale lekòl. Sejou pandan ti tan kout sa a ap bay oumenm ak pitit ou yon chans pou nou "kalme" nou pou pèmèt yo kòmanse travay

pou adrese pwoblèm fanmi an. Abri a pa fèt pou l pini jèn yo, sepandan li se yon anviwònman ki byen òganize ak sipèvizyon 24 sou 24.



SÈVIS REFERANS

Gendelè jèn yo ak fanmi yo bezwen sèvis adisyonèl andeyò de rezo nou an. Pwogram lokal CINS/FINS ou yo kapab refere w bay lòt ajans nan kominote w la ki ka ede oumenm ak pitit ou a.



KOMITE REKRITMAN POU KA

Konsèy CINS/FINS ou a ka mande pou yon Rekrutman pou Ka pou yon jèn aprè yo fin fè pwosesis seleksyon pou pitit ou a epi lè yo fin konplete yon admisyon pou revwa bezwen

pitit ou. Se yon komite ki genyen ladann moun nan pwogram CINS/FINS, konsèy administrasyon lekòl la, paran oswa responsab legal ak nenpòt lòt moun ki ka ede komite a, ki òganize Rekrutman pou Ka a. Komite Rekrutman pou Ka a pral devlope yon plan pou sèvis, ki ka gen ladann rekòmansadyon pou ranpli yon petisyon CINS nan tribinal la. Pou yon paran fè demann pou yon reyinyon Komite Rekrutman pou Ka, se pou li soumèt yon rekèt alekri bay founisè CINS/FINS yo a. Ale nan **floridanetwork.org** pou w jwenn plis enfòmasyon.

PETISYON CINS



Yon petisyon CINS se yon rekèt ofisyèl alekri ki depoze nan tribinal la pou detèmine ke pitit ou a se yon CINS (Timoun ki Bezwen Sèvis), epi jeneralman yo soumèt li si timoun nan refize sèvis yo oswa si li kontinye

montre konpòtman difisil. Avoka DJJ lokal la pral soumèt yon petisyon CINS, si Komite Rekrutman pou Ka a rekòmande sa epi si timoun nan reponn a kritè legal pou yon CINS. Si ou deside soumèt pwòp petisyon CINS ou, lalwa mande pou w avize biwo Konsèy Jeneral DJJ a alekri anvan w soumèt petisyon an. Ale nan **floridanetwork.org** pou w jwenn plis enfòmasyon.